

**4 Septanm 2020**

## **Teknoloji pou Ede Ralanti Transmisyon COVID-19**

Chè pwofesè, anplwaye ak etidyan,

Nou tout adapte pou aprann ak travay pandan pandemi COVID-19 pandan n ap fè efò pou kenbe kominote nou an sekirite ak an sante. Jodi a mwen kontan pou anonse nouvo fason Vizyon IT devlope kèk teknoloji, nan tèt ansanm avèk University Health Center, kapab ede nou tout rete an sante.

### **Rejis Volontè Kontak Pwòch yo**

Dapre sistèm sanblab nan lòt inivèsite yo ak demann dirijan etidyan yo, nou devlope yon fason **volontè** pou etidyan yo, pwofesè yo, ak afilye yo pou yo bay non ak enfòmasyon kontak pou manm kominote UMD yo ki pran kontak avèk yo souvan. Platfòm sa a la pou ede nan idantifikasyon kontak bonè si yon moun ta teste pozitif pou COVID-19. Kontak pwòch yo se moun ou gen kontak avèk yo souvan fas-a-fas pandan w ap travay, etidye, oswa pandan ou nan rezidans nan kanpis la oswa nan pi gran kominote College Park. Sistèm sa a **ochwa** epi li pa obligatwa [Idantifye apeprè up senk kontak pwòch la a](#).

### **Tablobdò COVID-19 Pèsonèl**

Nou konnen gen anpil aktivite obligatwa pou bay sekirite priyorite nan kominote UMD. Pou ede nou tout satisfè obligasyon nou yo, mwen kontan pou anonse yon tablobdò pèsonèl ki pral konfime kondisyon ou nan satisfè egzijans yo pou retounen nan kanpis la pandan pandemi COVID-19. Sou On your [tablobdò pèsonèl ou](#), ou kapab wè ak konfime si ou te rapòte dènye rezilta tès COVID-19 ou, si ou te gade videyo fòmasyon obligatwa a, epi si ou te ranpli lis sa ki nesèsè pou sentòm jounalye yo pou chak nan dènye 14 jou yo. Pa bliye ranpli lis tout sa ki nesèsè a chak jou, menmsi ou pa vini nan kanpis la nan jou a, si ou planifye pou vini nan kanpis la nan pwochen 14 jou yo. Nou aprann anpil moun p a t konnen egzijans pou ranpli lis tout sa ki nesèsè pou sentòm yo menm nan jou yo pa t vini nan kanpis la. Kòm yon rezilta, si ou pa t gen sentòm, men ou pa t ranpli lis tout sa ki nesèsè pou sentòm yo ant dat 22 out ak 3 septanm nan jou yo ou pa t nan kanpis la, ou ka toujou vini nan kanpis la si ou satisfè lòt egzijans yo.

### **Pèsonalize Avi pou Rapèl yo**

Pwofesè yo ak anplwaye yo t ap resevwa rapèl nan imèl chak semèn konsènan tchèk sentòm yo. Etidyan yo te kòmanse resevwa rapèl sa yo nan imèl maten sa a. Nou te kreye yon fason tou pèmèt manm kominote a endike si y ap vini nan kanpis la nan wikenn yo epi si yo ta renmen rapèl jounalye yo sèt jou pa semèn olye jou lendi sèlman pou ranpli lis tout sa ki nesèsè pou sentòm yo. Paj sa a ap pèmèt tou moun sa yo ki pral rete deyò pi gran zòn College Park pou yo chwazi pa resevwa rapèl jounalye yo. [Pèsonalize rapèl jounalye ou yo nan imèl la a](#).

### **Tablobdò Kanpis la**

Tanpri kontinye vizite [Tablodbò COVID-19](#), kanpis la ki bay kominote UMD done transparan ak apwopriye sou pousantaj moun ki teste pozitif ak plis lòt done sou kanpis nou an.

Mèsi pou patisipasyon ou pou ede Terrapin yo kenbe youn ak lòt an sekirite ak an sante. Tanpri kontinye ale sou sitwèb [www.umd.edu/4maryland](http://www.umd.edu/4maryland) pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou sante ak sekirite.

Sensèman,

Jeffrey K. Hollingsworth

vis-Prezidan ak Responsab Prensipal Enfòmasyon

University of Maryland